


Rekonèt dwa ou genyen Patisipasyon nan manifestasyon

Premye amannman an pwoteje dwa w pou w reyini epi eksprime opinyon w nan manifestasyon. Sepandan, lapolis e lòt reprezantan gouvènman an gen otorizasyon pou yo enpoze sèten restriksyon nan dwa sou sa ki konsène libète ekspresyon.

DWA OU GEN KÒM MANIFESTAN KI GEN ANDIKAP

- Premye amannman an pwoteje dwa w pou w manifeste nan plas piblik, byenke lapolis gendwa enpoze kèk restriksyon ki limite.
- Ou ka manifeste nan lari, twotwa, pak, e lòt zòn piblik san bloke okenn aksè.
- Pwopriyete prive gendwa limite lapawòl sou pwopriyete pa yo a.



- Kont manifestan gen menm dwa ; lapolis dwe rete san patipri.
- Ou ka pran foto oubyen fime devan tout espas piblik.
- Pa gen pèmi ki nesèsè amwenske manifestan k ap mache yo bloke sikilasyon ; lapolis ka mande pou w mete kò w sou kote pou kesyon sekirite.
- Ou gen dwa gen amenajman ki rezonab.

AMENAJMAN REZONAB OU KA MANDE YON LAPOLIS

- Entèpretasyon nan ASL oubyen èd oksilyè
- Enstriksyon vèbal oubyen alekri ki aklè
- Wout e sòti aksesib nan manifestasyon (moso twotwa, travèse an sekirite)
- Tan siplemantè pou dispèsyon
- San limyè k ap kliyote ni limyè stwoboskopik
- Evite gaz k ap agrave kondisyon poumon yo
- Èd pou kite manifestasyon an sekirite

KONSÈY SEKIRITE ESANSYÈL POU MANIFESTAN KI GEN ANDIKAP

- Ekri sou bra w kiyès pou kontakte pou ou
- Mache ak yon pyès didantite ki valab e avèk tout preskripsyon ki esansyèl
- Pote bouchon zòrèy, linèt solèy, tabourè pòtab, si sa nesèsè
- Konprann risk ki gen nan gaz nosif ; mache avèk inalatè, linèt pwoteksyon, mask pou gaz
- Asire aparèy asistans ou yo gen pil oubyen chajè sekou



SI YO ARETE W:

- Enfòmè lapolis la tousuit : "M gen yon andikap ki egzije amenajman ADA."
- Mandè klèman pou mezi adaptasyon epi medikaman.
- Suiv dwa w pou w rete silansye epi mande pou yon avoka.
- Byen itilize sèl apèl telefonik ou a pou w kontakte yon moun ou fè konfyans.

Rekonèt dwa ou genyen Patisipasyon nan manifestasyon


KESYON POPILE

<p>ÈSKE M KA MANDE YON LAPOLIS AN DIRÈK POU MEZI ADAPTASYON REZONAB?</p>	<p>Wi. Klèman fè konnen : "M gen yon andikap ki egzije amenajman ADA," epi presize sa w bezwen an.</p>
<p>KISA POU FÈ SI GEN YON KRIZ SANTE MANTAL PANDAN YON MANIFESTASYON?</p>	<p>Mande tousuit òganizatè manifestasyon an, founisè swen medikal, oubyen lapolis pou yo ede w.</p>
<p>Kisa k ap rive si lapolis emèt yon lòd pou tout moun dispèse.</p>	<p>Mande tousuit òganizatè manifestasyon an, founisè swen medikal, oubyen lapolis pou yo ede w.</p>
<p>KI RISK KI GENYEN SI M PA SUIV LÒD POU NOU DISPÈSE A?</p>	<p>Risk ki gendwa genyen : Arestasyon, akizasyon kriminel, amann pou peye, ale nan prizon, oubyen konsekans nan sa ki konsène imigrasyon.</p>

ANVAN W DESIDE ANGAJE NAN DEZOBAYISANS SIVIL, ASIRE OU KONNEN KI REZILTA KI GENDWA GENYEN EPI EVALYE KI KANTITEE RISK OU PARE POU W PRAN E OU KAPAB PRAN.

SI DWA OU YO VYOLE:

- Dokimante tout bagay (nimewo badj, ajans, temwen).
- Pran foto blesi yo e anrejistre entèraksyon yo si w an sekirite.
- Depoze yon plent nan konsèy zafè entèn oubyen sivil ajans lan.



Disability Rights Florida se sistèm pwoteksyon ak pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou Florida. Resous ki make nan dokiman sila distribye pa Disability Rights Oregon e l gen resous ki devlope pa national ACLU, ACLU of Oregon, DREDF, Disability Law United, New Disabled South, epi Civil Liberties Defense Center.
AVI : Dokiman sa a pa sipoze ranplase konsèy jiridik. Lwa federal epi eta yo ka chanje nenpòt lè.